

**DAMEL *MEDIA* PASINAON BUKU CARIYOS WAYANG SAPTA KANDHA
RAMAYANA KANGGE SISWA SMA KELAS X**

E-JOURNAL SKRIPSI

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
kangge Njangkepi Salah Satunggaling Sarat Anggayuh
Gelar Sarjana Pendidikan



dening:
Susi Witdiyawati
NIM 14205241011

Yogyakarta, 25 Juni 2018
Pembimbing,

Prof. Dr. Suwardi, M.Hum.
NIP. 19640403 199001 1 004

Yogyakarta, 25 Juni 2018
Ketua Jurusan,

Prof. Dr. Suwardi, M.Hum.
NIP. 19640403 199001 1 004

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2018**

DAMEL MEDIA PASINAON BUKU CARIYOS WAYANG SAPTA KANDHA RAMAYANA KANGGE SISWA SMA KELAS X

DESIGNING A MEDIA BOOK FOR LEARNING THE WAYANG SAPTA KANDA RAMAYANA STORY FOR 10TH GRADE HIGH SCHOOL STUDENTS

Dening: Susi Witdiyawati, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta. Susi.witdiyawati@yahoo.com.

Sarining Panaliten

Panaliten menika ancaspun wonten tiga, inggih menika: (1) ngandharaken anggenipun ndamel *media pasinaon* buku cariyos wayang sapta kandha Ramayana; (2) ngandharaken pambijinipun *ahli materi*, *ahli media*, saha guru *mata pelajaran* basa Jawi, sarta pamanggihipun siswa kangge *media pasinaon* buku cariyos wayang sapta kandha Ramayana; saha (3) ngandharaken pamanggihipun guru sarta siswa minangka ingkang ngginakaken *media pasinaon* buku cariyos wayang sapta kandha Ramayana. Panaliten menika wujudipun kalebet panaliten *Research and Development (R&D)*. Asiling panaliten nedahaken: (1) *media* dipundamel kanthi gangsal tataran inggih menika: *analysis, design, development, implementation saha evaluation*; (2) *validasi kualitas media* dening dosen *ahli materi* pikantuk biji *persentase* 80%, wondene *validasi* dening dosen *ahli media* pikantuk biji *persentase* 84%, saha (3) pambiji *media* dening guru basa Jawi pikantuk biji *persentase* 98%, saha asiling pamanggih siswa pikantuk biji *persentase* 90%. Asiling panaliten menika nedahaken bilih *media pasinaon* buku cariyos *bergambar* saged kangge sarana sinau wonten pamulangan cariyos wayang. Pamijining tembung: *Media Pasinaon, Buku Cariyos Bergambar, Cariyos Wayang Ramayana*.

Abstract

This study is aimed to: (1) describe the steps in making wayang story book sapta kanda Ramayana; (2) show the expert judgment from material experts, media experts and Javanese teachers with also students opinions on the wayang story book sapta kanda Ramayana; and (3) share teachers and students viewpoints as the user of the wayang media book sapta kanda Ramayana. This study belongs to Research and Development (R&D). The results of the study are (1) the media are designed through five steps namely: analysis, design, development, implementation, and evaluation, (2) the validation from the material expert toward the quality of the media is 80% and the validation from the media's expert is 84%, and (3) the media evaluation from javanese Teacher is 98% and the opinion from the students toward the wayang story book sapta kanda Ramayana is 90%. The result of this study revealed that this pictorial story book can be used as a tool to learn wayang story.

Keyword: Learning Media, Pictorial Storybook, Ramayana Story.

PURWAKA

Pamulangan basa Jawi minangka muatan lokal wajib wonten sekolah SD dumugi SMA sampun dipuntetepaken dening pamarentah Daerah Istimewa Yogyakarta. Adhedhasar Kurikulum 2013 wonten ing pamulangan basa Jawi tumrap Sekolah Menengah Atas kelas X, XI, XII menika wonten 4 *aspek* katrampilan inggih menika maos, nyemak, micara, saha nyerat ingkang jumbuh kaliyan *Kompetensi Inti (KI)* saha *Kompetensi*

Dasar (KD). Salah satunggaling *materi* pamulangan basa Jawi tumrap siswa SMA kelas X inggih menika cariyos wayang.

Kurikulum Muatan Lokal Bahasa, Sastra saha Budaya Jawa SMA/MA/SMK Daerah Istimewa Yogyakarta 2013 ngemot satunggaling *materi* inggih menika wayang. Wonten ing *kurikulum 2013* mliginipun tumrap SMA/ SMK menika dipunsebutaken bilih *Kompetensi Inti (KI)*

ngengingi *materi* wayang inggih menika “memahami, menerapkan, menganalisis, pengetahuan faktual, konseptual, prosedural, berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya, dan humaniora dengan wawasan kemanusiaan, kebangsaan, kenegaraan, dan peradaban terkait penyebab fenomena dan kejadian, serta menerapkan pengetahuan prosedural, pada bidang kajian yang spesifik sesuai dengan bakat dan minatnya untuk memecahkan masalah.” Wondene *Kompetensi Dasar (KD)* ingkang jumbuh inggih menika “memahami ajaran moral cerita wayang.” Miturut wontenipun *Kompetensi Inti* saha *Kompetensi Dasar* menika dipunbetahaken *media* kangge pasinaon wayang. Pasinaon wayang menika mliginipun wonten cariyos wayang Ramayana, kanthi indikator siswa saged mangretosi *ajaran moral* wonten cariyos wayang Ramayana.

Adhedhasar asiling *observasi* pasinaon cariyos wayang wonten kelas X SMAN 1 Banguntapan, nedahaken bilih siswa anggenipun nampi piwulangan cariyos wayang menika taksih kirang greget. Menika katingal saking wontenipun siswa ingkang taksih micara piyambak saha ngantuk. Menika amargi guru anggenipun mucal taksih ngginakaken *metode ceramah* saha namung ngginakaken papan tulis. Satemah dipunbetahaken cara kangge prakawis menika.

Kangge ngudhari prakawis kasebut saged dipunginakaken *media* pasinaon. Salah satunggaling *Media* pasinaon ingkang saged dipunginakaken kangge nyinau wayang inggih menika buku cariyos *bergambar*. Buku cariyos *bergambar* inggih menika *media* pasinaon ingkang

dipundamel kanthi awujud buku ingkang dipunjangkepi kaliyan gambar-gambar kangge nerangaken cariyos. Gambar-gambar menika ancasipun kangge ndamel siswa remen maos saha gampang mangretosi wosipun cariyos. Satemah *media* pasinaon buku cariyos *bergambar* saged dipunmupangataken kangge *sarana media* pasinaon wonten *materi* wayang Ramayana.

Media pasinaon menika dipunkembangaken kanthi wujud buku ingkang cacahipun wonten pitu. Menika amargi cariyos wayang Ramayana anggitanipun Walmiki saged dipunperang dados sapta kandha, inggih menika: (1) Balakandha; (2) Ayodyakandha; (3) Aranyakandha; (4) Kiskendhakandha; (5) Sundarakandha; (6) Yudakandha; saha (7) Utarakandha, ananging sapta kandha menika nggadhahi cariyos ingkang gayut antawis setunggal kaliyan sanesipun.

Media pasinaon wonten ing panaliten menika sasampunipun dipundamel lajeng dipunbiji kanthi *validasi* dening dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media*. *Media* dipundandosi jumbuh kaliyan pamrayoginipun *validator* dumugi pikantuk pasarujukan kangge nindakaken *uji coba*. *Uji coba media* menika dipuntindakaken wonten SMAN 1 Banguntapan. SMAN 1 Banguntapan kapiji minangka papan kangge panaliten amargi saking asiling *observasi* nedahaken bilih sekolah menika mbetahaken *media* pasinaon kangge piwulangan.

Adhedhasar andharan wonten ing nginggil, panaliten menika kalaksanaan kangge ngrembag pandamelanipun *media* buku cariyos wayang sapta kandha Ramayana kangge siswa SMA kelas X. *Materi* wayang Ramayana menika dipundamel wonten ing buku ingkang cacahipun wonten pitu.

Buku menika dipunjangkepi kaliyan gambar *video animasi* wayang Ramayana ingkang kapendhet saking *Youtube* (<https://www.youtube.com/watch?v=1k5X5jqijgU>),

CARANING PANALITEN

Panaliten menika ngginakaken *metode penelitian* saha *pengembangan* utawi *Research and Development*, ingkang asring dipunsebat *R & D*. *Research and Development (R & D)* inggih menika minangka *metode* panaliten ingkang dipunginakaken kangge naliti satemah saged ngasilaken *produk* enggal, saha salajengipun nguji *keefektifan media* kasebut (Sugiyono, 2015: 407).

Panaliten ingkang dipunmaksudaken inggih menika panaliten kanthi cara ngempalaken data sakathah-kathahipun kangge ndamel *media* awujud buku pasinaon utawi buku cariyos *bergambar*. Sarana pasinaon ingkang sampun kadamel dipunuwunaken pambiji saha pamrayogi dhateng

ASILING PANALITEN SAHA PANGREMBAG

Tataranipun Ndamel *Media Pasinaon*

a) Tataran *Analysis (Analisis)*

Tataran *analisis* minangka tataran wiwitan ingkang dipuntindakaken saderengipun *produk* dipundamel. Tataran *analisis* menika kaperang dados kalih inggih menika *analisis kurikulum* saha *analisis* kabetahan siswa SMAN 1 Banguntapan. Wonten ing perangan *analisis kurikulum*, panaliti maos saha mangretosi *kurikulum* ingkang dipunginakaken wonten ing piwulangan basa Jawi ing sekolah kasebut. Panaliti kedah nggatosaken

supados saged nuwuhaken kawigatosanipun siswa. Satemah, saged ndamel siswa langkung greget anggenipun sinau wayang wonten *proses* pamulangan ing sekolah.

dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, guru basa Jawi, saha siswa. Sasampunipun dipundandosi adhedhasar pamrayogi pambiji saha pikantuk pasarujukan kangge *uji coba*, salajengipun *media* saged dipunginakaken kangge pasinaon cariyos wayang ramayana.

Caranipun ndamel *media* wonten ing panaliten menika ngginakaken *prosedur model Analysis Design Development Implementation and Evaluation* (ADDIE). Molenda (lumantar Prawiradilaga, 2007: 21), ngandharaken *prosedur pengembangan model ADDIE* wonten gangsal tataran, inggihmenika: (1) *Analisis*; (2) *Design*; (3) *Development*; (4) *Implementation*; saha (5) *Evaluation*.

Standar Kompetensi saha *Kompetensi Dasar* wonten ing *kurikulum*.

Adhedhasar *Kurikulum* 2013 Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta *semester* kalih (*genep*), *Standar Kompetensi* ingkang dipuntemtokaken inggih menika “*memahami, menerapkan, menganalisis, pengetahuan faktual, konseptual, prosedural, berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya, dan humaniora dengan wawasan kemanusiaan, kebangsaan, kenegaraan, dan peradaban terkait penyebab fenomena dan kejadian, serta menerapkan pengetahuan prosedural, pada bidang kajian yang spesifik sesuai dengan bakat dan minatnya untuk memecahkan*

masalah” saha *Kompetensi Dasar*-ipun inggih menika “*memahami ajaran moral cerita wayang.*” Salajengipun kadamel *indikator* ingkang jumbuh kaliyan *kompetensi* kalawau. *Indikator* ingkang dipungginakaken minangka *tolok ukur* kangge nggayuh *kompetensi* inggih menika siswa saged mangretosi *ajaran moral* wonten cariyos wayang Ramayana.

Sasampunipun nindakaken *analisis kurikulum*, lajeng nindakaken *analisis* kabetahan siswa wonten ing sekolah gayutanipun kaliyan pamulangan cariyos wayang. Adhedhasar *observasi* wonten SMAN 1 Banguntapan, dipunmangretosi bilih wonten mapinten-pinten prakawis wonten pasinaon cariyos wayang, salah satunggalipun inggih menika *media pasinaon* ingkang dipunginakaken kangge nyengkuyung pasinaon basa Jawi mliginipun kangge *materi* cariyos wayang menika taksih kirang sanget. Guru langkung asring ngginakaken *metode ceramah* saha dereng ngginakaken *media pasinaon*. Satemah ndadosaken siswa kirang greget anggenipun nampi piwulangan *materi* cariyos wayang.

Adhedhasar prakawis menika lajeng dipundamel *media pasinaon* ingkang *praktis*, boten *berbasis IT*, ananging saged kangge nuwuhaken kawigatosan siswa sinau basa Jawi mliginipun sinau cariyos wayang. *Media pasinaon* menika awujud buku cariyos *bergambar*. *Media pasinaon* menika dipunajib saged nuwuhaken kawigatosanipun siswa supados langkung remen sinau cariyos wayang.

b) Tataran Design (Ndamel Design Media)

Tataran ingkang salajengipun inggih menika ndamel *design media*. Tataran menika dipunwiwiti kanthi ngempalaken *referensi* ingkang gayut

kaliyan *materi*. *Materi-materi* ingkang sampun dipunkempalaken menika lajeng dipundamel *flowchart*. *Flowchart* inggih menika *diagram alur* kangge nggampilaken nalika ndamel rantaman *media pasinaon*. Wosing *flowchart* menika ngewrat *konsep penyajian* pamulangan. *Flowchart* lajeng dipunwujudaken dados *story board* utawi *naskah media*.

Story board inggih menika *rancangan naskah media* kangge nggambaraken wosing *media*. *Story board* ngewrat sadaya ingkang samangke dipunwujudaken wonten ing salebeting buku cariyos *bergambar*, wiwit saking *cover* dumugi kaca panutup utawi pungkasan. *Media* buku cariyos wayang sapta kandha Ramayana menika cacahipun wonten buku inggih menika: (1) Balakandha; (2) Ayodyakandha; (3) Aranyakandha; (4) Kiskendhakandha; (5) Sundarakandha; (6) Yudakandha; saha (7) Utarakandha. Wondene peranganipun wonten salebeting buku inggih menika: (a) *Kompetensi Dasar*, *indikator* saha silsilah; (b) pambuka; (c) wosing cariyos wayang Ramayana mawi gambar; (d) *glosarium*; (e) gladhen; (f) kapustakan; (g) *profil*-ing panyerat; saha (h) dosen *pembimbing*.

Sasampunipun ngempalaken *materi*, lajeng ndamel *desain media*. Wonten tataran menika, cak-cakanipun kanthi cara nemtokakaken *desain produk* kangge nemtokaken wosipun *media pasinaon*. *Desain* ingkang dipundamel awujud seratan sahangambar. Seratan menika awujud seratan cariyos wayang Ramayana ingkang dipunandharaken wonten ing *media pasinaon* buku cariyos *bergambar*. Salajengipun *desain* gambar

dipunjumbuhaken kaliyan *materi* cariyos wayang Ramayana.

c) **Tataran *Development* (*Pengembangan*)**

Sasampunipun *naskah media* pasinaon dipundamel, lajeng dipunlebetaken wonten *media* buku cariyos *bergambar*. Tataran menika dipunwastani tataran *pengembangan* utawi *produksi media*. *Media* pasinaon buku cariyos *bergambar* dipundamel kanthi kalih *teknik*, inggih menika *teknik komputer* saha *teknik manual*. *Teknik komputer* inggih menika *proses* nyusun *naskah*, *proses pewarnaan* saha *editing*, saha *proses print/cithak*. Salajengipun ingkang kalebet *teknik manual* inggih menika *proses penjilidan*.

Wonten ing *teknik komputer*, tataran kaping pisan inggih menika *proses* nyusun *naskah* saha gambar wonten ing cariyos wayang *sapta kandha* Ramayana inggih menika: (1) Balakandha; (2) Ayodyakandha; (3) Aranyakandha; (4) Kiskendhakandha; (5) Sundarakandha; (6) Yudakandha; saha (7) Utarakandha, wonten *microsoft word* kanthi *ukuran A5*. *Naskah* cariyos menika ngginakaken satunggal *referensi* inggih menika buku cariyos wayang Ramayana anggitanipun Ki Soetarsa, wondene gambar-gambaripun menika dipunpendhet saking *Youtube* (<https://www.youtube.com/watch?v=1k5X5jqijgU>).

Sabibaripun seratan *naskah* saha gambar sampun kasusun, salajengipun inggih menika maringi warna ing seratan *naskah*. Sasampunipun *teknik komputer*, lajeng wonten *teknik manual*, inggih menika *proses penjilidan*. Desain ingkang sampun dados lajeng dipuncithak utawi *print* ngginakaken dlancang *ivory 260 gram*. Tataran ndamel *media* ingkang pungkasan inggih menika

sadaya buku cariyos *sapta kandha* Ramayana menika dipunjilid dados buku ngginakaken jilidan *spiral* pethak.

Produk ingkang sampun dados lajeng dipun-*validasi* dening dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media*. Dosen *ahli materi* wonten ing panaliten menika inggih menika Bapak Dr. Afendy Widayat, M. Phil, ewadene dosen *ahli media* wonten ing panaliten menika inggih menika Ibu Avi Meilawati, S. Pd. M.A. Tataran *validasi* dipuntindakaken kangge paring pambiji tumrap *kualitas media* pasinaon, supados pikantuk pambiji *kelayakan media*. *Revisi produk* dipuntindakaken adhedhasar pamrayogi saking dosen *ahli* kangge ndadosi kekiranganipun *produk* supados pikantuk pasarujukan kangge *uji coba*.

Produk dipun-*validasi* dening dosen *ahli materi* kanthi kalih tataran. Asil pambijining *validator* dipunetang kanthi ngecakaken $\text{rumus} = \frac{\sum \text{Skor Panaliten}}{\sum \text{Skor Ideal Sadaya Item}} \times 100\%$ dados menika $\frac{40}{60} \times 100\%$ pikantuk rerata *persentase* 66,7% ingkang kagolong sae. Wonten tataran menika pikantuk pamrayogi: (1) basanipun taksih wonten ingkang lepat; (2) gambar dipunparingi sumber; saha (3) buku saenipun dipuncithak boten dipuntempel-tempel. Lajeng dosen *ahli materi* paring dudutan bilih *media* menika dereng *layak uji coba*.

Salajengipun *media* dipun-*revisi* jumbuh kaliyan pamrayoginipun dosen *ahli materi*. Anggenipun *revisi* kanthi ngleresaken basa ingkang taksih lepat, kados ta panyerating *pitu buku* leresipun buku, *suanten* leresipun suwanten, saha nasal *aktif* kados ta *dadosaken* ingkang leres ndadosaken, *biyantu* ingkang leres mbiyantu, lajeng maringi sumber gambar ingkang dipunpendhet

saking *youtube* (<https://www.youtube.com/watch?v=1k5X5jqijgU>), saha nggantos *media* ingkang saderengipun kadamel kanthi dipuntempel-tempel lajeng dipunewahi dados cithak. Tataran II inggih menika sampun pikantuk pasarujukan kangge *uji coba* kanthi boten wonten *revisi*. Tataran menika kapiji kanthi *presentase* $\frac{48}{60} \times 100\% = 80\%$ ingkang kagolong sae.

Sasampunipun *produk* dipun-*validasi* dening *ahli materi*, salajengipun *validasi* dening dosen *ahli media*. *Validasi* menika dipuntindakaken kanthi kalih tataran. Tataran I kanthi ngecakaken
$$\text{rumus} = \frac{\sum \text{Skor Panaliten}}{\sum \text{Skor Ideal Sadaya Item}} \times 100\%$$
 dados menika $\frac{35}{50} \times 100\% = 70\%$ ingkang kagolong sae. Wonten tataran menika pikantuk pamrayogi kanthi nglarasaken werna-wernipun seratan cariyos, lajeng gambar cariyos prayoginipun dipuntata saha *media* langkung sae manawi dipuncithak. Salajengipun dosen *ahli media* paring dudutan bilih *media* menika derang *layak uji coba*.

Sasampunipun dipuntindakaken *revisi* kanthi cara nglarasaken werna-wernipun seratan kaliyan gambar, lajeng gambar-gambaripun dipuntata jumbuh kaliyan cariyosipun, saha nggantos *media* ingkang saderengipun kadamel kanthi dipuntempel-tempel lajeng dipunewahi dados cithak. Tataran II inggih menika sampun pikantuk pasarujukan kangge *uji coba* kanthi boten wonten *revisi*. Tataran menika pikantuk *presentase* $\frac{42}{50} \times 100\% = 84\%$ ingkang kagolong sae sanget. Saking *persentase* menika *validator* paring dudutan bilih *media* menika sampun *layak kangge uji coba*.

d) **Tataran Implementation (Uji coba)**

Tataran sasampunipun *validasi media* inggih menika tataran *uji coba* dhateng siswa SMAN 1 Banguntapan kelas X saha *evaluasi kualitas media* dening guru basa Jawi saha siswa. Pambiji guru basa Jawi saha siswa menika dipunginakaken kangge ngempalaken *data* asiling pambiji *kualitas media* ingkang dipundamel. *Uji coba* ingkang dipuntindakaken menika kangge magretosi tataranipun *produk* jumbuh kaliyan ancas pasinaon. *media* dipunsuwunaken pambiji dhateng guru basa Jawi ngengingi *kualitas media* ingkang dipundamel. Sasampunipun nyuwun pambiji tumrap *kualitas media* dhateng guru basa Jawi lajeng nindakaken *uji coba media* dhateng siswa kelas X.

Anggenipun nindakaken *uji coba* menika ngginakaken *metode Jig Saw* kanthi merang gunggungipun siswa dados kelompok alit saha sekawan kelompok ageng. kelompok alit inggih menika: (1) Balakandha; (2) Ayodyakandha; (3) Aranyakandha; (4) Kiskendhakandha; (5) Sundarakandha; (6) Yudakandha; saha (7) Utarakandha. Gunggungipun siswa kelas X MIPA 1 menika wonten 34 siswa, dados satunggal kelompok alit wonten 4-5 siswa saha kelompok ageng wonten 7-8 siswa. Siswa-siswi sami *diskusi* saha mangretosi *materi* wonten salebeting *media*. Sasampunipun menika, asiling *diskusi* saking kelompok alit dipunandharaken wonten ing kelompok ageng. Sabibaripun asiling pirembagan bab cariyos wayang Ramayana menika dipunrembag kanthi sareng-sareng wonten kelas.

e) **Tataran Evaluation (Evaluasi)**

Tataran ingkang pungkasan inggih menika tataran *evaluasi*. Tataran *evaluasi* menika dipuntindakaken kanthi ndamel *analisis* pambiji

media dening dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, guru basa Jawi, saha pamanggih siswa. *Data* ingkang sampun dipunkempalaken lajeng dipun-*analisis*. Jumbuh kaliyan ancaspun *produk*. Wondene asiling rerata pambiji pungkasan pikantuk 88% ingkang kagolong sae sanget. Asiling *analisis* nedahaken bilih *produk* sampun jumbuh kaliyan ancaspun pasinaon saha *layak* dipunginakaken kangge pasinaon cariyos wayang Ramayana.

1. Asiling Pambiji saha *Tampilan Pungkasan Media Pasinaon*

Asiling *validasi* dening dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, pambiji dending guru basa Jawi, saha pamanggih siswa tumrap *media* pasinaon buku cariyos wayang sapta kandha Ramayana menika sampun sadaya dipuntindakaken. Asiling pambiji pungkasan menika dipunserat lumantar *tabel* kados saking *persentase*-nipun saha *kategori*-nipun saben pambiji, wonten ing ngandhap menika.

Tabel 55: Asiling Pambiji Pungkasan *Kualitas Media Pasinaon*

No.	Pambiji <i>Media Pasinaon</i>	<i>Persentase</i>	<i>Kategori</i>
1.	Dosen <i>ahli materi</i>	80%	Sae
2.	Dosen <i>ahli media</i>	84%	Sae Sanget
3.	Guru basa Jawi	98%	Sae Sanget
4.	Pamanggih siswa	90%	Sae Sanget
Asiling rerata <i>persentase pambiji</i>		88%	Sae Sanget

Adhedhasar tabel ing nginggil, asiling pambiji pungkasan dening dosen *ahli materi* adhedhasar sakin 12 *indikator* pikantuk biji *persentase* 80% ingkang kagolong sae. Asiling *validasi* dosen *ahli media* adhedhasar saking 10 *indikator* pikantuk biji *persentase* 84% ingkang kagolong sae sanget. Asiling pambiji *media* dening guru basa Jawi adhedhasar saking 10 *indikator* pikantuk biji *persentase* 98% ingkang kagolong sae sanget. Asiling pamanggih siswa tumrap *media* pasinaon adhedhasar saking 8 *indikator* pikantuk biji *persentase* 90% ingkang kagolong sarujuk sanget. Adhedhasar *validasi* dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, pambiji guru basa Jawi, saha pamanggih siswa kelas X MIPA 1 SMAN 1 Banguntapan tumrap *media* pasinaon buku cariyos wayang sapta kandha Ramayana pikantuk rerata *persentase* 88% ingkang kagolong sae sanget.

2. Kaluwihan saha Kakirangan *Media Pasinaon Buku Cariyos Sapta Kandha Ramayana*

Media pasinaon ingkang awujud buku cariyos *bergambar* menika ugi wonten kekirangan saha kaluwihanipun. Kaluwihan *media* pasinaon buku cariyos wayang *bergambar*.

1) *Media* buku cariyos *bergambar* *layak* dipunginakaken minangka sarana pamulangan cariyos wayang kelas X SMA. *Layak*-ipun *media* saged dipunmagretosi saking *kualitas media* mawi *validasi* dening dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, guru basa Jawi, saha pamanggih siswa kelas X ingkang pikantuk rerata *persentase* 88% menika kagolong sae sanget.

- 2) *Media* menika ngewrat *materi* cariyos wayang Ramayana ingkang jumbuh kaliyan kabetahan siswa kelas X.
- 3) *Media* pasinaon buku cariyos wayang Ramayana menika ugi ngewrat piwulang-piwulang ingkang saged dipuncakaken dening siswa wonten ing padintenan.
- 4) *Media* ingkang awujud buku cariyos gampil dipunginakaken amargi boten mbetahaken pirantos pambiyantu.
- 5) *Media* ingkang awujud buku saha cacahipun wonten pitu menika saged dipunginakaken kanthi kelompok ngginakaken *metode Jig Saw*.

Media pasinaon buku cariyos wayang sapta kandha Ramayana menika ugi wonten kakiranganipun. Wondene kakirangan *media* pasinaon buku cariyos wayang sapta kandha Ramayana kados wonten ing ngandhap menika.

- 1) Anggenipun ndamel *media* pasinaon buku cariyos wayang menika mbetahaken wekdal ingkang dangu amargi anggenipun nyusun gambar kedah trep kaliyan cariyosipun saha warna-warninipun seratan saha *background*-nipun kedah selaran supados saged mujudaken *produk media* buku cariyos *bergambar* ingkang narik kawigatosanipun pangangge *media*.
- 2) Dlancang ingkang dipunginakaken saha *proses pencetakan* ingkang langkung *berkualitas* ndadosaken buku menika mbetahaken bea radi kathah.
- 3) Anggenipun ngecakaken *media* buku cariyos wayang menika kirang *efektif* manawi dipunginakaken kanthi kelompok ageng. Langkung *efektif* manawi dipunginakaken antawisipun 2-3 siswa saben kelompok.

PAMRAYOGI

Saking asiling *media* ingkang dipundamel pamrayoginipun inggih menika:

1. *Media* buku cariyos wayang sapta kandha Ramayana langkung *efektif* dipuncakaken manawi dipun-cithak cacahipun kathah.
2. Anggenipun ndamel *media* menika saged ngginakaken *material* ingkang prasaja kemawon supados boten mbetahaken bea ingkang kathah.
3. *Media* menika langkung *efektif* dipuncakaken kanthi kelompok alit, satunggal buku dipunginakaken 2-3 siswa.

KAPUSTAKAN

- Arsyad, Azhar. 2016. *Media Pembelajaran*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.
- Bastomi, Suwaji. *Gemar Wayang*. Semarang: Dahara Prize.
- Daryanto. 2016. *Media Pembelajaran*. Yogyakarta: Gava Media.
- Endraswara, Suwardi. 2010. *Sejarah Sastra Jawa Kuna*. Yogyakarta: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, FBS, UNY.
- Mustakim, M, Nur. 2005. *Peranan Cerita Dalam Pembentukan Perkembangan Anak TK*. Jakarta: Departemen Pendidikan Nasional
- Prawiradilaga, Dewi Salma. 2007. *Prinsip Disain Pembelajaran*. Jakarta: Kencana Prenada Media Group.
- Sanaky, Hujair AH. 2013. *Media Pembelajaran Interaktif-Inovatif*. Yogyakarta: Kaukaba Dirgantara.
- Sugiyono. 2015. *Metode Penelitian Pendidikan*. Bandung: Alfabeta.
- Tim Tugas Akhir Skripsi Fakultas. 2016. *Panduan Tugas Akhir*. Yogyakarta: Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.

Prof. Dr. Suwardi, M. Hum.

Widati, Sri dkk. 2001. *Ikhtisar Perkembangan Sastra Jawa Modern Periode Kemerdekaan.*

Damel *Media Pasinaon ...* (Susi Witdiyawati) 10

Yogyakarta: Kalika Press.